

PWOGRAM BOUS DETID 2026-2027

FÒMILÈ POU VERIFIKASYON REVNI

Nouvo aplikan pou EdChoice Expansion yo ap bezwen konplete pwosesis verifikasyon revni a, sòf si gen enfòmasyon sou ansyen revni fanmi an nan dosye a. Verifikasyon revni an *opsyonèl pou renouvèlman* aplikasyon yo nan pwogram Bous Detid EdChoice Expansion an. Si revni anyèl fanmi an oswa kantite moun ki abite lakay ou chanje, ou ka soumèt yon nouvo aplikasyon pou verifikasyon revni pou pwochen ane eskolè a. Fanmi ki ap aplike pou estati revni ki ba nan EdChoice, EdChoice Expansion, oswa pwogram Cleveland lan dwe soumèt enfòmasyon sou nouvo revni fanmi an chak ane. Pou konplete pwosesis Verifikasyon Revni an, paran yo ka soumèt li sou entènèt atravè [sistèm sekirize Verifikasyon Revni an](#) oswa yo ka ranpli l epi voye fòmilè a pa lapòs. Yo pa otorize pou voye dokiman pa imèl Yo p ap rekalkile revni kay la apre yo fin konplete revizyon an. Ou ka jwenn konsèy itil sou sit entènèt Bous Detid la sou [Bous Detid EdChoice](#) oswa [Bous Detid Cleveland](#).

Tablo anba a ka ede ou detèmine si ou kalifye pou estati revni ki ba a. Fanmi k ap renouvle Ekspansyon EdChoice la p ap bezwen konplete pwosesis verifikasyon revni an chak ane, sof si yo ta renmen fè yo rekalkile revni kay yo a pou montan bous la.

KANTITE MOUN KI NAN KAY LA	MONTAN ANYÈL BRIT KI AJISTE (200%)
1	\$31,920
2	\$43,280
3	\$54,640
4	\$66,000
5	\$77,360
6	\$88,720
7	\$100,080
8	\$111,440
POU CHAK MOUN ANPLIS KI AJOUTE:	\$11,360

Yo pral itilize Revni Brit Ajiste ki sou liy 11 nan fòmilè enpo federal 1040 la OSWA sou liy 3 nan fòmilè Ohio IT 1040 la pou kalkile revni kay la epi detèmine estati revni ki ba a.

Yo detèmine kantite moun ki abite nan kay la swivan moun ki ranpli fòmilè enpo a ak depandan ki endike nan deklarasyon enpo a.

KIJAN POU KONLETE PWOSESIS VERIFIKASYON REVNI AN

1. Ranpli seksyon paran/responsab legal ak manm kay la, founi tout enfòmasyon yo mande yo. Enfòmasyon sa a ta dwe koresponn ak sa ki sou aplikasyon/fòmilè renouvèlman bous detid la.
2. Siyen nan pati anba dènye paj la.
3. Rasanble Dokiman Sou Revni Ki Akseptab ou yo pou depozisyon.

Paran/Responsab Legal ki ap aplike pou bous detid la dwe soumèt Deklarasyon Enpo jan sa endike anba a OSWA youn nan de atestasyon ki disponib yo nan kad verifikasyon revni yo:

DEKLARASYON ENPO

- Si estati depozisyon Paran/Responsab legal la se Marye K ap Depoze Konjwentman, founi youn nan sa yo:
 - Paj 1 Fòmilè Federal 1040 pou ane anvan an ak nenpòt lòt deklarasyon ou te bay IRS la si ou gen plis pase 4 moun ki depandan.
 - Paj 1 fòmilè Ohio IT 1040 pou ane anvan an ak paj Orè Ohio Pou Depandan yo (Sekans nimewo 9)
 - Relve Deklarasyon Enpo federal ane anvan an (www.irs.gov/individuals/get-transcrip)
- Si estati depozisyon Paran/Responsab legal la se Marye K ap Depoze Separeman, founi youn nan sa yo pou ni ou menm ak konjwen ou:
 - Paj 1 Fòmilè Federal 1040 pou ane anvan an ak nenpòt lòt deklarasyon ou te bay IRS la si ou gen plis pase 4 moun ki depandan.
 - Paj 1 fòmilè Ohio IT 1040 pou ane anvan an ak paj Orè Ohio Pou Depandan yo (Sekans nimewo 9)
 - Relve Deklarasyon Enpo federal ane anvan an (www.irs.gov/individuals/get-transcrip)
 - *Remak: fòmilè yo dwe koresponn ak sa ki sou swa toude fòmilè federal yo, swa tou de fòmilè Ohio yo.*
- Si estati depozisyon paran oswa responsab legal la se Selibatè, Chèf Kay, oswa Konjwen ki Vèv ki kalifye, founi youn nan dokiman sa yo pou ou menm ak nenpòt patnè ki pa marye avèk ou / moun ki chè ak ou an si nou abite epi pataje yon timoun ansanm:
 - Paj 1 Fòmilè Federal 1040 pou ane anvan an ak nenpòt lòt deklarasyon ou te bay IRS la si ou gen plis pase 4 moun ki depandan.
 - Paj 1 fòmilè Ohio IT 1040 pou ane anvan an ak paj Orè Ohio Pou Depandan yo (Sekans nimewo 9)
 - Relve Deklarasyon Enpo federal ane anvan an (www.irs.gov/individuals/get-transcrip)
 - *Remak: fòmilè yo dwe koresponn ak sa ki sou swa toude fòmilè federal yo, swa tou de fòmilè Ohio yo.*

Si ou soumèt verifikasyon revni ou anvan dat limit pou depoze deklarasyon enpo pou ane fiskal sivil aktyèl la, ou ka bay deklarasyon enpo ou pou youn nan de ane sivil ki sot pase yo.

AFIDAVIT NAN PLAS DEKLARASYON ENPO (EDCHOICE EXPANSION SÈLMAN)

- **ATESTASYON KI DEKLARE OU PA OBLIJE PEYE ENPO SELON LWA ETA AK LWA FEDERAL YO**
Si yo pa oblije Paran/Responsab Legal la ak Konjwen an ranpli Deklarasyon Enpo sou Revni Eta oswa Federal la, yo ka telechaje yon kopi ATESTASYON KI DEKLARE OU PA OBLIJE PEYE ENPO DAPRÈ LWA ETA AK LWA FEDERAL YO ki siyen epi notarye ki disponib sou sit entènèt Bous [Detid la](#).

OSWA

- **ATESTASYON PRIM BOUS DETID MINIMÒM**
Si Paran/Responsab Legal la swete resevwa prim minimòm EdChoice Expansion an, yo ka soumèt yon kopi ATESTASYON PRIM BOUS DETID MINIMÒM lan ki siyen epi notarye ki disponib sou sit entènèt Bous Detid [la](#).

4. Voye fòmilè sa a ak Dokiman sou Revni ki Akseptab yo pa lapòs bay:

Depatman Edikasyon ak Mendèv Eta Ohio (Ohio Department of Education and Workforce)
Biwo Opsyon Edikatif pou Lekòl ki pa Piblik yo (Office of Nonpublic Educational Options)
25 S. Front Street, Mail Stop 309
Columbus, OH 43215-4183

PA voye dokiman orijinal yo. Voye kopi yo epi bouche 5 premye chif ki nan nimewo sekirite sosyal la, kite 4 dènye chif yo vizib. Soumèt sèlman yon grenn (1) fòmilè pou chak fanmi. (Egzanp. Yon fanmi ki gen 3 elèv ki nan pwogram nan ap sèlman bezwen voye fòmilè a yon sèl fwa pou chak ane lekòl.) Kenbe kopi yo nan dosye ou yo.

Se paran yo ki responsab pou soumèt Dokiman Verifikasyon Revni yo, se pa lekòl prive a. Kontakte Biwo Opsyon Edikatif pou Lekòl ki pa Piblik yo (Office of Nonpublic Educational Options) nan nimewo 614-728-2743, oswa atravè imèl sou edchoice@education.ohio.gov oswa cleveland.scholarship@education.ohio.gov, si ou gen nenpòt kesyon.

Yo p ap rekalkile revni kay la apre yo fin konplete revizyon an.

PWOGRAM BOUS DETID 2026-2027

FÒMILÈ POU VERIFIKASYON REVNI

PARAN/RESPONSAB LEGAL PRENSIPAL

NON: _____
(Non) (Dezyèm Non) (Siyati) Eta Sivil (**obligatwa**)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL LA: _____

ADRÈS: _____

VIL: _____ OHIO KÒD POSTAL: _____ REVNI YO RESEVWA YO: Wi Non

NIMEWO TELEFÒN: _____ IMÈL: _____

NON LEKÒL PRIVE KOTE PITIT OU A ENSKRI A: _____

ENDIKE TOUT MANM KI ABITE LAKAY OU A, gen ladan l elèv pou bous detid yo. Fè yon kopi paj sa a si ou bezwen plis espas.

2) NON: _____
(Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL LA: _____

RELASYON I AVÈK OU: _____

ESTATI POU BOUS DETID (CHWAZI YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

REVNI YO RESEVWA YO: Wi Non DEKLARASYON ENPO YO FOUNI: Wi Non

3) NON: _____
(Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL LA: _____

RELASYON I AVÈK OU: _____

ESTATI POU BOUS DETID (CHWAZI YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

REVNI YO RESEVWA YO: Wi Non DEKLARASYON ENPO YO FOUNI: Wi Non

4) NON: _____
(Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL LA: _____

RELASYON I AVÈK OU: _____

ESTATI POU BOUS DETID (CHWAZI YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

REVNI YO RESEVWA YO: Wi Non DEKLARASYON ENPO YO FOUNI: WI Non

5) NON: _____
(Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL LA: _____

RELASYON I AVÈK OU: _____

ESTATI POU BOUS DETID (CHWAZI YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

REVNI YO RESEVWA YO: Wi Non DEKLARASYON ENPO YO FOUNI: WI Non

X _____
Siyati Paran/Responsab Prensipal la Dat

Yo p ap rekalkile revni kay la apre yo fin konplete revizyon an.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa fè diskriminasyon sou baz ras, reliyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) a se yon [se yon anplwayè opòtinite egal](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi kont [Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplikab pou tout pwogram ak aktivite yo.

Gade règleman Depatman an [sou Diskriminasyon Andikap la](#) ak [Pwosedi Plent Pou Diskriminasyon an](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou kont diskriminasyon an, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou jwenn adrès ak nimewo telefòn biwo ki bay sèvis nan zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481.